




Tatarucingan





Harti Tatarucingan




Tatarucingan atawa baheula mah sok disebut turucing atawa tuturucingan, Numutkeun katerangan anu kapanggih dina basa sunda susunan R.Satjadibrata, tatarucingan téh omongan-omongan anu henteu sawajarna, kudu dipikiran maksudna atawa eusina. Ari kecap tuturucingan ngabogaan dua harti, kahiji ruparupa turucing, sarta kadua nyebutkeun turucing bari nanyakeun eusina ka batur soal iraha jeung naon sababna kecap turucing robah jadi tarucing mah teu kapaluruh.



- 
- Umumna mah tatarucingan téh dikedalkeun bari gogonjakan atawa heureuy. Biasana bari silih tempas. Tatarucingan baheula mah piwajabenana téh tokoh kana logika pikiran anu kudu ngaleunjeur, ari tatrucingan ayeuna mah sakapeung sok sakarep ingsun anu nyieunnana.
 - Contona, baheula aya tatarucingan “Budak leutik ngambay peujit” nu hartina jarum. Ku budak ayeuna mah sok dijawab: “geuwat bawa ka rumah sakit!”. Tatarucingan “aki-aki rag-rag surak” nu baheula pijawabeunana teh *barangbang*, ku budak ayeuna mah langsung di tembal: “aki-aki sakti!”. Tatarucingan ayeuna mah nu diutamakeun teh lain bener henteuna jawaban tinu neguhna, tapi jawaban teh kudu matak pikaseurieun.
- 

Conto
Tatarucingan Baheula

Awakna ditincak,
beuheungna dicekek



gamparan

Budak leutik make bendo

jawabna

paku

Budak dugul loba kutu


jawabna

kueh onde

Budak leutik
mamawa obor

jawabna

Cika-cika




Kembangna bodas
buahna bunder



jeruk

Hayam rintit
nonggeng ka langit




danas

Soéh teu
dikaput, kotor teu
diseuseuh



kertas



Tatarucingan Kiwari

Ari teu dicukur lénang
ari dicukur gondrong

Kadongdong, donk!

Sato naon anu
panggedéna

gajah bareuh beuteung
Ditariguan
tuluy digoréng

Sukuna hiji
panonna tilu


lampu merah






Tatarucingan dina wawangsalan



Wawangsalan téh nya éta sabangsa kamonesan basa ku jalan nyebut hiji maksud teu langsung ku kecapna nu paranti, tapi nyisi ku nyebut kecap sején anu salasahiji engangna sorana padeukeut jeung kecap anu dimaksudna téa.



- 
- Wawangsalan téh salasahiji wangun ugeran (puisi) buhun. Cek M.A. Salmun mah diasupkeun kana golongan sisindiran, najan sisindiran jeung wawangsalan téh beda. Sisindiran mah umumna diwangun ku opat padalisan, sedengkeun wawangsalan mah diwangun ku dua padalisan. Padalisan kahiji dina wawangsalan mah mangrupa cangkang, padalisan kadua mangrupa eusi. Unggal padalisan matok ku dalapan engang. Jadi pakaitna cangkang jeung eusi téh ku ayana wangsals nu murwakanti jeung kecap konci anu jadi inti dina padalisan eusi. Contona, "dudukuy panjang gagangna (wangsalna payung)", "pikir bati ngalanglayung (kecap konci: layung dina ngalanglayung)"
 - Numutkeun Ajip Rosidi wawangsalan bisa digolongkeun kana sabangsaning sindir, tapi ku lantaran teu mangrupa wangunan puisi anu matok, kudu dibedakeun tina sisindiran. Atuh teu salah upama urang ngasupkeun wawangsalan téh minangka variasi tina tatarucingan.
- 
- 

Contona:



Anak munding masih nyusu

Aduh enéng buah ati

Wangsalna: énéng, pedet, belo, bangkanang

Antosan dalapan taun


Mugi ulah janten bendu

Wangsalna: minggu, bulan, windu, abad



Tatarucingan dina wangun puisi







- Tatarucingan urang sunda téh kacida beungharna, mun leukeun ngumpulkeun sakabéh tatarucingan, urang bakal manggihan tatarucingan dina wangun puisi, saperti dangding atawa puisi bebas lianna.
 - Dangding téh susunan basa nu maké patokan tembang. Saperti dangdanggula, sinom, jste. Numutkeun Ajip Rosidi, dangding téh wangunan puisi sunda pangaruh ti mataram anu kasengker ku pola nu pasti: jumlah padalisan unggal pada, jumlah engang unggal padalisan, sarta vokal panungtungna unggal padalisan geus baku.
- 

Conto Tatarucingan dina wangun dangding



Asmarandana

kuring boga manuk leutik
rupana bodas kacida
jangjang na téh meber waé
jiga anu keur ngalayang
teu aya kacapéna
tapi teu hiber ka luhur
ngayapak waé di handap



Tatarucingan dina wangun paguneman




Ade: "Cing teguh, tukang naon mun digeroan sok tuluy ngabecir?"

Ida: "Tukang béca lah"

Ade: "Lain atuh"

Ida: "Tukang naon atuh?"

Ade: "Tukang copet. Geura geroan, copét kituh, abong mun teu ngabecir"





Masduki : "mun mobil keur mundur, ban mana nu teu muter?"

Cantra: " Nya kabéh ge muter atuh"

Masduki: " Aya nu teu muter tra"

Cantra: " Ban naon?"

Masduki: " ban serep"

Santri: "Mama, leres kitu sadaya tataian téh najis?"

Ajengan: "atuh puguh wé najis mah"

Santri: " kumaha ari tai ragaji sareng tai hiang?"

Ajengan: "éta ogé najis keneh..... ari kacampuran tai kotok mah"

